


# KÓP KOMPONENTLI DIZBEKLI QOSPA GÁPLERDIŃ KÓRKEM SHIǴARMALARDA QOLLANILIWI

Allamuratov N.E.
Tınıbaeva. M.
Ámeliy filologiya kafedrası docenti PhD.
Lingvistika (qaraqalpaq tili) 2-kurs magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.20454253

ARTICLE INFO
Qabul qilindi: 26-may 2026 yil
Ma'qullandi: 28-may 2026 yil
Nashr qilindi: 30-may 2026 yil
KEYWORDS
*kóp komponentli qospa gápler, kóp komponentli dizbekli qospa gápler, intonaciya, dizbekli dánekerler.*

ABSTRACT
*Bul maqalada kóp komponentli dizbekli qospa gáplerdiń semantika-strukturalıq ózgeshelikleri, jay gápler arasındaǵı mánilik qatnas, dizbekli dánekerler, sonday-aq, kóp komponentli dizbekli qospa gápler analizlengen.*

Ulıwma qaraqalpaq til biliminde qospa gápler búgingi kúnge shekem tiykarınan sırtqı belgilerine, yaǵnıy gáp komponentleri, betlik feyilge iye bolıwına, modal-waqıtlıq qatnaslardı bildiriwine qarap anıqlanıp kelmekte.

Bul máselede túrkiy til biliminde júdá quramalı, teoriyalıq jaqtan bir-birine pútkilley qayshı pikirler bar. Kóplegen filolog ilimpazlar qospa gáptiń eń baslı belgisi – gáp komponentleriniń óz subyektine (baslawıshına) iye bolıwı ekenligin intuitiv tárizde túsinse de, qáliplesken dástúriy grammatika sheńberinen shetke shıǵa almaydı hám bul qospa gáptiń túp mánisin durıs anıqlawǵa kesent berip kelmekte. Sol sebepli ayırım ilimpazlar hátte "qospa gáp" atamasınan waz keship, onı "quramalı pútinlik" (сложное целое)[1], «период»[2], «полипредикативли конструкция»[3] dep atawdı usınıs etedi.

Qospa gápler eki yamasa bir neshe jay gáplerdiń mánilik hám sintaksislik baylanısınan dúziledi. Mısalı: Piyada milicionerdiń birewi attı jeteledi, birewi qosha mıltıqtı, jáne birewi maqsımnıń qolındaǵı mıs záńgini alıp, ol kisini qorshalap keńsege basladı. (Sh.Usnatdinov «Sońǵı ańshı»). Awıl arası tım-tırıs: iyt úrmeydi, adam júrmeydi.

Bul qospa gáplerdiń quramındaǵı jay gáplerdiń hámmesi de óz baslawısh hám bayanlawıshına iye bolıp, mánilik jaqtan baylanısqan qospa gápti, yaǵnıy, kóp komponentli qospa gápti dúzip kelgen.

Úsh hám onnanda kóp jay gáplerdiń máni hám sintaksislik jaqtan baylanısqan, bir pútin qospa oydı bildiretuǵın gáplerge kóp komponentli qospa gáp dep ataladı. Kóp komponentli qospa gápler quramındaǵı jay gáplerdiń baylanısıw mánisine qaray kóp komponentli dizbekli

---

[1] Пешковский А.М. Русский синтаксис в научном освещении. 7-е изд .- М.: Государственное учебно-педагогическое издательство министерства просвещения РСФСР, 1956. – 512 с.
[2] Вардуль И.Ф. Основы описательной лингвистики. - Москва: Наука, 1977. - 352 с.
[3] Черемисина М.И., Колосова Т.А. Очерки по теории сложного предложения. - Новосибирск: «Наука», 1987. - 200 с.

qospa gáp, kóp komponentli bağınıńqılı qospa gáp hám dánekersiz qospa gáp bolıp úsh túrge bólinedi.

1. Kóp komponentli dizbekli qospa gáplerdiń jay gápleri dizbeklewshi dánekerler arqalı óz ara teń mánili bolıp baylanısadı. Mısalı: Qaraqalpaqta bunday at bolmaydı, sen ya miymannıń balasısańdağı, ya atıńdı piyań qoyǵan! dep basqılaǵanlarǵa da ashıwlanbaydı. (Sh.Seytov. "Jaman shıǵanaqtağı Aqtuba")

2. Kóp komponentli bağınıńqılı qospa gáptiń quramındağı jay gápler biri ekinshisin túsindirip, bağınıw jolı menen baylanısadı. Mısalı: Geyde áńgime bel úzdi bolsa, sırttağı tasır-tasır jawınǵa hámme qulaq salıp, birewi bolmasa ekinshisi ishinen qıynalıp mańlay jıyırar edi. (T.Qayıpbergenov)

3. Kóp komponentli dánekersiz qospa gáptiń jay gápleri dánekersiz intonaciya arqalı baylanısadı. Mısalı: Bunıń kózi ilindirmey-aq oyatqısh saat bezildedi, kórpeni serpip taslap órre turdı, etigin qońıltayaq, noskiysheń kiydi, jeleń paltosın jamıldı da shıǵıp ketti (Sh.Seytov. "Jaman shıǵanaqtağı Aqtuba").

**Kóp komponentli dizbekli qospa gáplerdiń qollanılıw ózgeshelikleri**

Kóp komponentli dizbekli qospa gápler strukturalıq jaqtan eki, úsh hám onnan da kóp jay gáplerdiń sintaksislik baylanısınan dúziledi. Eki jay gápli hám kóp jay gápli dúzilis dizbekli qospa gáplerdiń dúziliw ózgesheligin belgileydi. Dúziliw ózgesheligin belgilewshi tiykarğı grammatikalıq qurallardıń xızmetin dizbeklewshi dánekerler hám intonaciya atqaradı. Usı sıyaqlı grammatikalıq qurallardıń qatnasına qaray, dizbekli qospa gápler ashıq dúzilisli qospa gáp hám jabıq dúzilisli qospa gáp bolıp ekige bólinedi[4].

Dizbekli qospa gápler ashıq dúzilisli bolıp kelgende, úsh yamasa onnan da kóp jay gáplerdiń dizbeginen dúziledi. Mánileri óz ara teń, birgelkili bolıp keledi hám olardıń jay gápleriniń qatarına jańa gápler qosıp kóbeytiwge boladı: Jer bárqulla jaqsılıqqa jaqsılıq penen juwap beredi, ondağı bağlar gúlleydi, kók shópler ósedi, zúráátke malınǵan awır dán masaqları jetilip baradı. (Gazetadan) bul gáp kóp komponentli bolıp kelgen. Onıń qatarına ele de jańa gáplerdi qosıp kóbeytiwge boladı.

Jabıq dúzilisli dizbekli qospa gápler. Dizbekli qospa gáplerdiń quramındağı jay gáplerdi sol dúzilisten jańa gápler qosıp arttırıwǵa bolmaytuǵın túri jabıq dúzilisli dizbekli qospa gápti dúzedi. Jabıq dúzilisli dizbekli qospa gáplerdi dúziliw ushın da dánekerler qatnasadı. Dizbekli qospa gápler dánekerli jabıq dúzilisli bolıp kelgende, dánekerler eki jay gáptiń arasında yamasa kóp komponentli bolıp kelgen dizbekli qospa gáptiń eń sońğı komponentiniń aldında kelip, jabıq qatardı dúzedi. Jabıq dúzilisli dizbekli qospa gápler tómendegi dizbeklewshi dánekerler hám dánekerlik xızmettegi sózlerdiń qatnası arqalı dúziledi: Jerdashqa bersem, biziń qatın da, basqa da gúmanlanbaydı! (Sh.Seytov. «Jaman shıǵanaqtağı Aqtuba»).

Kóp komponentli dizbekli qospa gápler dizbeklewshi dánekerlerdiń baylanıstırıw xızmeti hám mánisine qaray, biriktiriwshi mánili dizbekli qospa gáp, qarsılas mánili dizbekli qospa gáp, awıspalı mánili dizbekli qospa gáp hám gezekles mánili dizbekli qospa gáp bolıp tórt túrge bólinedi.

Kóp komponentli biriktiriwshi mánili dizbekli qospa gáp**tiń** jay gápleri bir-biri menen **da, de, ta, te, hám, jáne, tağı, al** dánekerleri arqalı baylanısadı.

---

[4] Дәўлетов М. Қарақалпақ тилиндеги қоспа гәплердиң гейпара теориялық мәселелери. – Нөкис: «Билим», 1993. Б. 81.

**da, de, ta, te, hám, tağı** dánekerleri eki jay gáptiń arasında kelip te yamasa hár bir jay gáp penen qaytalanıp ta qollanıladı: Ol bala denesiniń ıssılığın, qaq-qaq jarılıp ketken erinleri menen shúńireygen kózlerin kórdi de, brigadirdiń atın sorap alıp, artına mingiziwi menen úyine ákelip ketti. (Sh.Usnatdinov. "Sońğı ańshı") Biriktiriwshi dánekerlerden **jáne, al** dánekerleri kóbinese eki jay gáptiń arasında yamasa kóp komponentli qospa gáptiń eń sońğı komponentiniń aldında bir ret kelip qollanıladı: Bul juwap ústinde ol oylandı ma, oylanbadı ma, ol jağı belgisiz, lekin nelikten de boyı sergeklenip jeńil tartqanday boldı jáne júregindegi muz erigendey sezildi. (T.Qayıpbergenov)

Kóp komponentli q**arsılas** manili dizbekli qospa gáptiń quramındağı jay gapler **biraq, lekin, sonda da, solay da, sóytse de, degen menen** sıyaqlı qarsılas dánekerler arqalı baylanısadı. Bul dánekerler arqalı baylanısqan dizbekli qospa gaptiń jay gápleri mánilik jaqtan bir-birine qarama-qarsı bolıp keledi: Awıldağı jası jetpisten ótip ketken kempirlerdiń kóbisi: "Júzge jetpegen shığar da, biraq, seksennen qáytse de ótti. Biz kelinshek bolıp túskende sarı qarın bolıp qalğan hayal edi", - dep esleydi. (M.Nızanov «Iyrim»). Gózlegeni qáte ketpedi, qos atlınıń biri quladı, biraq bunısı Ótetilew tarxan edi (T.Qayıpbergenov).

Kóp komponentli a**wıspalı mánili dizbekli qospa gáp.** Quramındağı jay gáplerden ańlatılğan is-háreket, waqıyanıń birinde bolmasa ekinshisinde iske asatuğının bildiretuğın dizbekli qospa gaptiń túrine **awıspalı dánekerli dizbekli qospa gáp** delinedi. Awıspalı dánekerli dizbekli qospa gáptiń jay gápleri **ya, yaki, yamasa, bolmasa, ya bolmasa, ne, álle** sıyaqlı awıspalı dánekerler arqalı baylanısadı. Bul dánekerler eki qatarlı jay gáplerdiń arasında kelip te yamasa hárbir jay gáp penen qaytalanıp kelip te qollanıladı. Mısalı: Qaraqalpaqta bunday at bolmaydı, sen ya miymannıń balasısańdağı, ya atıńdı piyań qoyğan! dep basqılağanlarğa da ashıwlanbaydı. (Sh.Seytov. «Jaman shığanaqtağı Aqtuba»). Taza gúmpey alıwğa úyde pul joq, satıp pul qılıwğa ya mal joq, ya tazaraq kórpe, kiyiz ya ońlı múlk joq (T.Qayıpbergenov).

Kóp komponentli gezekles dizbekli qospa gáp. Quramındağı jay gáplerdiń is-háreket, waqıyalarınıń gezeklesip isleniwin bildiretuğın qospa gáptiń túrine **gezekles dánekerli dizbekli qospa gáp** delinedi. Kóp komponentli gezekles dizbekli qospa gáptiń quramındağı jay gápler **gá, gáhi, birese, geyde, gáde, bazda, birde** sıyaqlı gezekles dánekerleri arqalı baylanısadı. Gezekles dánekerler, kóbinese, hárbir jay gáp penen qaytalanıp qollanıladı. Mısalı: Olar qashshan kimi eshekli, kimi arqalamay menen júklerin Qızketkenniń bálent ırashına úyip, gási eshkisin, gási qara malın soyaqlarğa tartıp baratırğan... (Sh.Seytov. «Jaman shığanaqtağı Aqtuba»). Kún **birese** ashılıp, **birese** bultlastı, **birese** shaqmaq shağıp, **birese** gúldirmama gúrkiredi.

Juwmaqlap aytqanda, kóp komponentli dizbekli qospa gápler qaraqalpaq til biliminde sonday-aq qaraqalpaq tilindegi kórkem shığarmalarda ónimli qollanıladı. Kóp komponentli dizbekli qospa gáplerdi qollanıw barısında qospa gáptiń quramındağı jay gáplerge hám dánekerlerge itibar qaratıladı. Qospa gápler shığarmağa kórkemlilik hám stilistikalıq tárepten tásirsheńlikti arttırıwğa járdem beredi.

## Paydalanılğan ádebiyatlar:

1. Дәўлетов М. Қарақалпақ тилиндеги қоспа гәплердиң гейпара теориялық мәселелери. – Нөкис, «Билим», 1993.
2. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990.

3. Вардуль И.Ф. Основы описательной лингвистики. – Москва: Наука, 1977.
4. Dáwletov A., Dáwletov M., Qudaybergenov M. Házirgi qaraqalpaq ádebiy tili. Sintaksis. – Nókis, «Bilim» 2009.
5. Dáwletov M., Seydullaeva D. Házirgi qaraqalpaq tilinde qospa gápler. – Nókis, «Qaraqalpaqstan», 2010.
6. Allamuratov N.E. Assimilated legal terms in the karakalpak language. International Multidisciplinary Scientific Global Conference on Education and Science Hosted Online from Vienna. October 20th. – Austria, 2022. – P. 167-170.
7. Allamuratov N.E. The formation of legal terms in the karakalpak language, Derivational and compound legal terms: International Multidisciplinary Conference Hosted from Manchester. 25th Oct. – England, 2022. – P. 197-199. https://conferencea.org.
8. Allamuratov N.E. The system of formation and component types of legal terms in the Karakalpak language, Science and Education in Karakalpakstan. 2025 № 4/1. ISSN 2181-9203
9. М.Ызанов. Таңламалы шығармалары. 2-том. – Нөкис, «Жети ықлым», 2023.
10. М.Ызанов. Таңламалы шығармалары. 3-том. – Нөкис, «Жети ықлым», 2023.
11. М.Ызанов. Ийрим. – Нөкис, «Жети ықлым», 2024.
12. Ш.Сейтов. Жаман шығанақтағы ақ туба. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.
13. Қайыпбергенов Т. Шығармалары. Бес томлық. Том. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1980.
14. Пешковский А.М. Русский синтаксис в научном освещении. 7-е изд. – М.: Государственное учебно-педагогическое издательство министерства просвещения РСФСР, 1956.
15. Черемисина М.И., Колосова Т.А. Очерки по теории сложного предложения. – Новосибирск: «Наука», 1987. - 200 с.